



# ASIRANS KONT INONDASYON

Konnen Sa Pou Ou Fè Aprè Yon Inondasyon

Ou pran  
*desizyon saf* la  
ki se achte asirans  
kont inondasyon.

Egzamine kontra asirans kont inondasyon ou an pou ou konprann pwoteksyon ou an epi pou ou gen konesans sou franchiz ou a. Si ou bezwen èd oswa si ou gen kesyon konsènan kontra asirans ou an oswa franchiz ou a, kontakte ajan asirans ou an, konpayi asirans ou an oswa Depatman Sèvis Finansye a:

**Liy Asistans Telefonik  
pou Konsomatè Asirans**

1.877.693.5236

**PLAN  
PREPARE  
PROTECT**

Are You Disaster Ready?

Kounyeya, pran mezi ki nesesè pou ou prepare ou epi pwoteje tèt ou, fanmi ou ak kay ou avan yon inondasyon rive. Konsilte konsèy sa yo pou ou jwenn enstriksyon ak oryantasyon konsènan inondasyon, pwoesisis demann dedomajman an, ak resous pou ou jwenn plis enfòmasyon sou inondasyon.



# Konsèy pou Ou Depoze yon Demann Dedomajman pou Inondasyon

## ➤ FÈ RAPÒ REKLAMASYON POU INONDASYON OU AN

- Lè ou sèten ou kapab rantre lakay ou an tout sekirite, kontakte ajan asirans ou an oswa konpayi asirans ou an tousuit pou ou fè rapò reklamasyon pou inondasyon ou an.



- Si ou pa gen enfòmasyon sou kontra asirans kont inondasyon ou an epi ou bezwen èd, kontakte:

### Sant Èd Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an

1.800.427.4661

### Liy Asistans Telefonik Depatman Sèvis Finansye pou Konsomatè Asirans

1.877.693.5236

- Si yon espesyalis nan domèn katastwòf pa kontakte ou nan 24 a 48èdtan aprè ou fin depoze demann nan, kontakte ajan asirans ou an oswa konpayi asirans ou an pou ou jwenn èd pou ou evite nenpòt reta anplis nan tretman demann nan.

## ➤ FÈ RAPÒ KONSÈNAN DEGA OU SIBI YO EPI PREPARE OU POU ENSPEKSYON



### SEPARÉ TOUT ATIK

Kou sa posib, separe bagay ki andomaje yo ak sa ki pa andomaje yon fason pou yo enspekte epi evalye atik ki andomaje yo.



### KONSÈVE ATIK KI ANDOMAJE YO

Pa detwi oswa tire atik ki andomaje yo jete jiskaske espesyalis nan domèn katastwòf ou a enspekte dega yo.

Men, si yon atik ki andomaje prezante yon risk pou lasante oswa si ou dwe retire atik ki andomaje yo, fè foto yo epi/oswa fè video epi enfòme konpayi asirans ou an tousuit pou ou jwenn plis enstriksyon.



### PRAN FOTO AK VIDEYO

Fè foto ak/oswa videyo dega anndan ak deyò kay la.



### FÈ RAPÒ POU DEGA

Fè yon lis bagay ou yo ki andomaje. Rasable tout resi, bil, nimewo seri ak dosye pou ou fè rapò kantite pwopriyete ki andomaje, pou ou dekri yo epi pou ou bay montan tout pwopriyete ki andomaje yo.

### PWOTEJE ATIK KI PA ANDOMAJE YO

Fè efò pou ou pwoteje tout pwopriyete ki pa andomaje epi pou ou evite plis pwopriyete ou andomaje tankou deplase objè yo pou mete yo yon kote ki pi wo, si sa posib, pou dlo pa detwi yo.

## ➤ PREPARE OU POU OU TRAVAY AK ESPESYALIS NAN ZAFÈ KATASTWÒF

- ✓ Avan ou pèmèt yon espesyalis nan zafè katastwòf jwenn aksè nan kay ou, konfime idantite li lè ou mande li lisans machin li, kat vizit li, badj antrepriz li a oswa tout lòt fòm idantifikasyon.
- ✓ Prepare zafè ou yo tankou foto, resi, bil oswa devi reparasyon pou espesyalis nan domèn katastwòf ou a kapab egzamine epi verifye yo.
- ✓ Espesyalis nan domèn katastwòf ou a ap evalye dega yo pou li kapab detèmine gravite dega inondasyon an fè a epi li ap egzamine dokiman ou yo pou li kapab prepare yon devi pou reparasyon oswa ranplasman bagay ki pou w kontra ou a pwoteje yo.
- ✓ Si ou déjà gen estimasyon sou dega ki fèt lakay ou a, soumèt yo bay espesyalis nan zafè katastwòf. Asire ou estimasyon yo endike montan reparasyon oswa ranplasman chak atik ki andomaje.
- ✓ Kowopere ak espesyalis nan domèn katastwòf ou a nan kad ankèt sou reklamasyon an. Pèmèt espesyalis nan domèn katastwòf ou a enspekte pwopriyete ou epi prepare ou pou ou reponn tout késyon oswa enkyetid espesyalis nan zafè katastwòf ou a ta ka genyen.
- ✓ Mande espesyalis nan zafè katastwòf ou a si ou kalifye pou pwoteksyon pou kouvri depans konstriksyon leta oswa otorite lokal yo egzije a lè ou ap repare oswa rekonstwi kay ou si sa nesesè.

**REMAK:** Espesyalis nan zafè katastwòf ou a pa dwe mande ou lajan, ni mande ou peye frè, ni pran franchiz ou a. Epi, espesyalis nan zafè katastwòf ou a pa gen otorite pou li apwouve demann ou an. Konpayi asirans ou an ap detèmine si yo ap apwouve demann ou an.

## ➤ ETAP FINAL

- Kou espesyalis nan domèn katastwòf ou a fin evalye dega ou yo, konpayi asirans ou an kapab ba ou ranpli yon Fòm Prèv Pèt. Siyen Fòm Prèv Pèt la epi retounen li bay konpayi asirans ou an nan 60 jou aprè ou fin depoze demann dedomajman pou inondasyon ou an.
  - ▶ Yon Fòm Prèv Pèt gen deklarasyon sou sèman ou fè konsènan montan ou reklame a ak tout lòt enfòmasyon konpayi asirans ou an mande ou.
- Konsève yon kopi Fòm Prèv Pèt ou a ak tout dokiman ou bay espesyalis nan domèn katastwòf ou a oswa konpayi asirans ou an oswa dokiman yo ba ou pou dosye ou.
- Si ou dekouvi inondasyon an te fè plis dega oswa si reparasyon yo koute pi chè pase sa ou te prevwa, kontakte espesyalis nan zafè katastwòf ou a kou sa posib, pou li kapab fè yon enspeksyon suivi, si sa nesesè, pou verifye dega anplis yo.



**Kou ou resevwa pèman final  
pou reklamasyon ou an,  
pwoesisis reklamasyon an fini.**

**REMAK:** Fè pridans lè ou resevwa devi ak vizit divès konpayi ak moun ki vle ede ou nan demann dedomajman pou inondasyon ou an. Mande yon idantifikasyon, lisans, epi menm referans konpayi oswa moun ou gen entansyon fè afè ak yo a pou ou evite yo fè yon kou sou ou oswa evite pran kontak ak moun ki pa gen lisans. Verifye lisans konpayi a oswa lisans moun nan pou ou konfime si lisans lan aktif epi si konpayi a oswa moun nan asire kòmsadwa.

# Ou Bezwèn Èd Toujou?

Ou dwe kontakte espesyalis nan domèn katastwòf ou a oswa konpayi asirans ou an avan si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan demann dedomajman pou inondasyon ou an.



Si ou pa dakò ak pèman demann dedomajman pou inondasyon ou an, egzamine kontra ou a pou ou detèmine ki opsyon ki disponib pou rezoud pwoblèm ou yo. Ou kapab kontakte **Depatman Sèvis Finans nan Florida:**

**Biwo Defansè Konsomatè**  
Asirans lan  
**850.413.5923**

**Liy Asistans Telefonik pou**  
Konsomatè Asirans  
**1-877-MY-FL-CFO**  
**(1.877.693.5236)**

## MANADJÈ PLÈN INONDAB SÈTIFYE

**Manadjè Plèn Inondab lokal** ou a kapab ede ou pou kesyon ak enkyetid konsènan inondasyon tou, tankou:

- Verifikasiyon zòn ou an yo idantifye kòm zòn inondab la
- Kesyon konsènan pi bon fason ou kapab pwoteje oswa repare kay ou

Yon Manadjè Plèn Inondab ede nan redui dega inondasyon nan Eta a lè li egzamine zòn yo idantifye kòm zòn inondab lokal yo epi lè li detèmine kote ki ka inonde pi fasil. Epi yo:

- Administre lwa federal, Eta a ak lokal konsènan jesyon zòn ki posib pou inonde
- Reponn lòt kesyon ou kapab genyen konsènan inondasyon nan zòn ou an
- Ba ou referans si ou bezwen plis enfòmasyon

Lokalize Manadjè Plèn Inondab Sètifye lokal ou a anliy:

### Asosyasyon Manadjè Plèn Inondab Leta

[www.floods.org/membership-communities/  
connect/cfms-nationwide](http://www.floods.org/membership-communities/connect/cfms-nationwide)

## DEFANSÈ ASIRANS KONT INONDASYON

**Defansè Asirans kont Inondasyon** an, ki fè pati Ajans Federal Jesyon Ijans lan, ede konsomatè ak pwoblèm konsènan asirans kont inondasyon epi li kapab ba ou:

- Èd pou pwoblèm ki pa rezoud tankou reklamasyon ak zòn inondab
- Oryantasyon ak resous edikatif konsènan Pwogram Nasional Asirans kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP) an.

Si ou gen enkyetid sou egzaktitud to asirans kont inondasyon ou an, si ou bezwen èd pou pwoesisi reklamasyon NFIP, oswa si ou gen kesyon konsènan asirans kont inondasyon, ou kapab kontakte:

### Biwo Defansè Asirans kont Inondasyon an

[www.fema.gov/flood-insurance/advocate](http://www.fema.gov/flood-insurance/advocate)

### Sitwèb FEMA Mande Defansè a

[www.fema.gov/webform/flood-insurance-  
advocate-ask-question](http://www.fema.gov/webform/flood-insurance-advocate-ask-question)

